


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

## Yosua Nanggung Waler



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

1


Musa tos pupus. Yosua terang yén ayeuna Gusti milih anjeunna pikeun mingpin bangsa Israil. Sateuacan Yosua nyiapkeun tentarana, anjeunna kedah nyiapkeun diri. Gusti ngajangjikeun Yosua bakal meunang kamulyaan jeung harta banda di Tanah Perjangjian lamun jalma-jalma salawasna taat kana Pangandika Gusti.



2

Urang Israail jangji bakal nuturkeun  
Yosua jeung salawasna taat kana

Pangandika Gusti.  
Pamingpin anyar  
éta ngutus mata-  
mata ka Kanaan  
pikeun nalungtik  
pertahanan kota  
Yériho anu  
ageung. Ieu teh  
bakal jadi perang  
kahiji urang  
Israail di dinya.



3



Aya anu ngawartosan ka Raja Yeriho yén di éta kota  
teh aya mata-mata. Raja ngirim prajuritna pikeun  
manggihan maranéhanana. Mimitina dipilarian di  
imah Rahab, tempat éta lalaki cicing. Prajurit-  
prajurit ngagelebug kana pantona. Gancang,  
Rahab nyumputkeun éta lalaki handapeun rami.


4

Nalika prajurit-prajurit  
indit, Rahab nurunkeun  
jalma-jalma di luar  
tembok kota nganggo  
tali beureum. Naha  
manéhna mantuan  
mata-mata? Kusabab  
anjeunna terang yen  
Gusti nyarengan  
aranjeunna. Anjeunna  
hayang Gusti bakal  
nyalacetkeun hirupna.  
Mata-mata éta jangji  
baris nyalacetkeun  
Rahab jeung kulawargana.




5

Saacan nepi ka Yeriho, urang Israail kudu meuntas  
Walungan Yordan ka Kanaan, Tanah Perjangjian.  
Tapi teu aya sasak! Kumaha jalma bakal nyebrang?




6

Gusti nyarios ka Yosua yén para imam kedah mingpin  
tentara sareng jalma-jalma, mawa Peti Perjangjian  
anu eusina Sapuluh Paréntah. Nalika suku imam  
keuna kana sisi walungan, Gusti ngalaksanakeun  
mujiat. Gusti nyadiakeun jalan garing ngaliwatan cai.



7

Sanggeus kabéh jelema aman meuntas,  
aranjeunna nempatkeun dua belas batu  
badag dina dasar walungan jeung dua  
belas batu séjén dina sisi walungan  
Kanaan. Eta teh pangéling-ngéling  
pikeun ngabantu jalma-jalma  
ngajar budakna ngeunaan  
kakawasaan jeung kanyaah  
Gusti nu agung.




8



Kota Yeriho teh dijagaan ku tembok anu kandel jeung kuat pisan. Nalika Yosua ngarencanakeun seranggana, Gusti ngutus Kaptén tentara-Na ti Surga pikeun ngingetkeun pamimpin anyar Israél yén Gusti ngéléhkeun perang pikeun umat-Na.


9




Gusti nyarioskeun ka Yosua kumaha carana narajang Yeriho. Ieu rencana eh aneh pisan. Umat Gusti kudu ngurilingan kota sakali sapoé salila genep poe, jeung tujuh kali dina poe katujuh. Tuluy maranehna kudu niup tarompét jeung ngagorowok, tembok kota bakal rubuh!

10


Yosua jeung pasukanna ngalaksanakeun sakumaha timbalan GUSTI. Meureun urang Yeriho mah sareuri ka maranehna. Tapi, sanggeus pawai katujuh dina poé katujuh imam niup tarompét domba.



Jeung sakumaha jangji Allah. . . . . témbok gedé JERICO RUBUH!




11



Ngan imah Rahab aya dina témbok anu aman. Anjeunna geus ninggalkeun tali ngagantung dina jandela. Gancang, anak buah Yosua nyalametkeun Rahab jeung kulawargana. Saterusna kota Yeriho teh ancur, sakumaha Gusti geus maréntahkeun.

12



Leres-leres, Yosua ngabaktikeun emas, pérak, jeung harta karun Yériho pikeun ibadah ka Gusti. Lajeng anjeunna nempatkeun kutukan ka saha anu bakal ngawangun deui kota jahat. Moal lami deui unggal jalma di Kanaan uninga kumaha Yosua ngéléhkeun Yeriho. Aranjeunna terang yén Allah aya sareng umat-Na.

13

### Yosua Nanggung Waler

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yosua 1-6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

14

# Rengse

13



60

15

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaeaan Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngeningkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

16